بسم الله الرحمن الرحيم

الحمد لله رب العالمين، و الصلاة و السلام على رسوله محمد، و على اله، و اصحابه اجمعين اما بعد

Мөмин-мусылманларға мәлим, Ислам дини бес рукн үстине қурылған болып, олар ақырзаман пайғамбары Муҳаммад мустафа саллаллаҳу алайҳи ўасалламның төмендеги ҳәдиси мүбәреги арқалы баян етилген:

عن أبي عبد الرحمن عبد الله بن عمر بن الخطاب رضي الله عنهما قال: سمعت رسول الله صلى الله عليه وسلم يقول:"بني الإسلام على خمس شهادة أن لا إله إلا الله ، وأن محمدا رسول الله ، وإقام الصلاة وإيتاء الزكاة، وحج البيت، وصوم رمضان"

رواه الإمام البخاري والإمام مسلم

яғный: Әбиў Абдураҳман Абдуллаҳ ибн Умар ибн Хаттаб разыяллаҳу анҳу рәўият етип айтады, мен Расулуллаҳ саллаллаҳу алайҳи ўасалламның былай дегенин еситтим: “Ислам бес нәрсе үстине қурылған: Аллаҳтан басқа илаҳ жоқ екенине ҳәм әлбетте, Муҳаммад Аллаҳтың елшиси екенине гүўалық бериў, намаз оқыў, зәкат бериў, байтты ҳаж қылыў ҳәм Рамазан оразасын тутыў” (Имам Бухарый ҳәм Имам Муслим рәўияты).

Бул ҳәдистен, ҳаж ибадаты Ислам әрканларының ақырғысы ҳәм ең уллысы есапланыўы мәлим болады.

Аллаҳ таала бул ҳаққында Қураны кәриймде былай деген:

وَلِلَّهِ عَلَى النَّاسِ حِجُّ الْبَيْتِ مَنِ اسْتَطَاعَ إِلَيْهِ سَبِيلاً

(سورة آل عمران/97).

яғный: “Жолға қәдир болған адамлар мойнында Аллаҳ ушын Байтты ҳаж қылыў (парызы) бар” (Әли Имрон сүреси, 97-аят).

Ҳаждың парыз болыўы ушын төмендеги шәртлер табылыўы лызым: ҳүр, балағатқа жеткен, ақылы бар, саламат болыў ҳәм де тийкарғы мүтәжликлерден ҳәм қайтып келгенше хожалығын тәминлеўге қалдыратуғын напақадан басқа да ҳажға барып келиўине жететуғын қаржыға қәдир болыў, сондай-ақ жолдың тыныш ҳәм ашық болыўы. Буннан басқа да, ҳаял кисиге күйеўи яки бир маҳрамы жолдаслық қылыўы да ҳаждың зәрүр шәртлеринен есапланады (Әл-иная шарҳул-Ҳидая).

Жоқарыдағы шәртлер табылған адамға өмиринде бир мәрте ҳаж ибадатын қылыўы шәрт болады. Пайғамбарымыз саллаллаҳу алайҳи ўасаллам бул ҳаққында былай деген:

عَنْ أَبِي هُرَيْرَةَ رضي الله عنه قَالَ خَطَبَنَا رَسُولُ اللهِ صَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ فقَالَ: "أَيُّهَا النَّاسُ قَدْ فَرَضَ اللهُ عَلَيْكُمُ الْحَجَّ فَحُجُّوا فقَالَ رَجُلٌ: أَكُلَّ عَامٍ يَا رَسُولَ اللهِ ؟ فَسَكَتَ حَتَّى قَالَهَا ثَلَاثًا، فقَالَ رَسُولُ اللهِ صَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ: لَوْ قُلْتُ: نَعَمْ لَوَجَبَتْ وَلَمَا اسْتَطَعْتُمْ ثُمَّ قَالَ: ذَرُونِي مَا تَرَكْتُكُمْ فَإِنَّمَا هَلَكَ مَنْ كَانَ قَبْلَكُمْ بِكَثْرَةِ سُؤَالِهِمْ وَاخْتِلَافِهِمْ عَلَى أَنْبِيَائِهِمْ فَإِذَا أَمَرْتُكُمْ بِشَيْءٍ فَأْتُوا مِنْهُ مَا اسْتَطَعْتُمْ وَإِذَا نَهَيْتُكُمْ عَنْ شَيْءٍ فَدَعُوهُ

(رواه الإمام مسلم).

яғный: Әбиў Ҳурайра разыяллаҳу анҳу рәўият етип айтады, Расулуллаҳ саллаллаҳу алайҳи ўасаллам бизлерге айтты: “Ҳәй инсанлар! Ҳақыйқатта, Аллаҳ таала сизлерге ҳажды парыз қылды. Солай екен, ҳаж қылың!” – деди. Бир киси: Я, Расулуллаҳ! Ҳәр жыл ма? – деп сорады. Расулуллаҳ саллаллаҳу алайҳи ўасаллам жуўап бермеди. Үш мәрте сорады. Сонда Расулуллаҳ саллаллаҳу алайҳи ўасаллам: “Егер аўа, десем ўәжип болып қалар еди ҳәм сизлер буғамн қәдир бола алмас едиңиз”, деди. Соң: “Сизлерге айтпаған нәрсемди маған қойып бериң. Ҳақыйқатта, сизлерден алдынғы үмметлердиң қыйралыўына көп сораў бергени ҳәм пайғамбарларына қарсы шыққаны себеп болған еди. Соның ушын, қашан сизлерди бир нәрсеге буйырсам, қолыңыздан келгенше қылың, қашан бир нәрседен қайтарсам, оннан улыўма қайтың” – деди. (Имам Муслим рәўияти).

Мөмин-мусылманларымыз соны жақсы билип алыўы лазым, ҳаж әмели өмир даўамында бир мәрте бежерилетуғын уллы ибадат болғаны ушын, оның кәмил атқарылыўына тек ғана материаллық имканиятқа ийе болыў жетерли емес, ал оған ден-саўлық та, руўхый ҳәм мәнаўий тарялық көриў де зәрүр. Өйткени, ҳаж ибадаты бесинши рукн екени қурыға емес. Соның ушын мусылман адам бес ўақыт намазын толық оқыған, Рамазан оразаларын тутқан ҳәм мал-дүньясынан зәкатын ҳақлыларға берген болыўы да жүдә әҳмийетли. Қалаберди, ҳаж әмеллери ҳаққында толық мағлыўматқа ийе болыўы да ҳажға атланған ҳәр бир адамның мойнында лазым ис.

Әлҳамдулиллаҳ, кейинги жылларда журтымыздан ҳаж сапарына барыўды нийет еткен мусылманлардың саны артып бармақта. Мәҳәллелерде ҳажға барыўды қәлеген пуқаралар нәўбети келиўин интизарлық пенен күтип атыр. Усыдан келип шығып, ҳүрметли пуқараларымыздан соны тәкидлеп сорамақшымыз, ҳажға барыў имканиятын қолға киргизиў тек ғана нәўбеттиң келиўи менен болмайды, ал өткен ўақыт даўамында ел-журтқа хызмет етиў, мәҳәллелеслерине материаллық ҳәм мәнаўий көмек бериў, адасқан инсанларды туўры жолға салыў киби саўаплы ислерди қылыўда ҳәммеге өрнек болыўы, соның менен бирге мәҳәлле әҳли ҳәм мөмин-мусылманлар тәрепинен ҳажға барыўға ҳақлы, деп тән алыныўына байланыслы. Өйткени, ҳажы деген атқа ийе болыўы қаншелли шараплы болса, оны қолға киргизиў соншелли машақатлы екенин де аңлаў зәрүр.

Өткен жыллар даўамында ҳаж сапарына барған пуқараларымыздың ҳалатын гүзетиў ўақтында сол нәрсеге гүўа болдық, айырым адамлар өзлери ҳажға барыўға материаллық тәрептен имканияты болмасада, ол жаққа барыўды қәлемесе де ямаса ден-саўлығы жақсы

емесли себепли ямаса узақ сапарға барыўға жарамайтуғынына қарамастан олардың перзентлери өз перзентлик миннетин атқарыў ямаса ел-журт арасында жасалма аброй табыў мақсетинде ата-аналарын ҳаж сапарына жиберип атырғаны, ақыбетте ҳаж әмеллериндеги машақатлар олар ушын аўыр болып, ибадатларын толық қылыўға итибарсыз болып атырған ҳаллары да ушырап турыпты. Негизинде, ҳаж ибадатының қабыл болыўы ҳаж қылып атырған адамның әдеп-икрамлығының гөззал болыўына да байланыслы болып, биреўлер менен жәнжеллесиў, басқаларға мәлел болатуғын ҳәрекетлер қылыў да ҳаж әмелине зыян жеткереди. Бул ҳаққында Пайғамбарымыз саллаллаҳу алайҳи ўасаллам:

"قَالَ رَسُولُ اللَّهِ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ:"مَنْ حَجَّ لِلَّهِ فَلَمْ يَرْفُثْ وَلَمْ يَفْسُقْ رَجَعَ كَيَوْمِ وَلَدَتْهُ أُمُّهُ

(رواه الإمام البخاري).

яғный: “Ким ҳаж қылса, онда гүна ҳәм жаман ислерди қылмаса мисли анадан жаңа туўылған нәрестедей гүналардан таза ҳалда қайтады”, деп айтқан. (Имам Бухарый рәўияти).

Бәршемизге мәлим, журтымыздан мыңлап мусылманлар ҳажға барар екен, усы орынды, ҳақыйқаттан, ҳаж ибадатын ықлас пенен қылатуғын, жоқарыда айтылған ҳаждың шәртлерине толық жуўап беретуғын мөмин-мусылманлар менен қапласа, биринширден, Аллаҳ тааланың шақырығына “Ләббәйкаллоҳуммә ләббәйк”, деп тәлбия айтыўға ҳақлы болғанларды ҳажға жибериў шарапына миясар болынады. Қалаберди, бәрше ҳажыларымыз тәрепинен ҳаж әмеллериниң толық қылыныўына, сондай-ақ, ҳүкиметимиз тәрепинен ҳажылар ушын жаратылып атырған шараятлардың қәдирине жетиў ҳәм нәтийжеде ҳаж мәўсиминдеги машақатлардың азайыўына ерисиледи.

Ҳажылық уллы дәреже екенинен келип шығып, ҳажға барыўшы ҳәр бир еркек ҳәм ҳаял соны билиўи лазым, олар келешекте, әўели, өз перзентлерине қала берди, ел-журт ҳәм мәҳәлле алдында, ҳалаллық ҳәм пәкликте, мәнаўият ҳәм мәрипатта ең жоқары дәрежедеги өрнек болыў керек. Өйткени, ҳажылық дәрежесин қолға киргизиўден көре оның абройын сақлаў қыйын ис. Себеби, ҳажы деген ат артында Мәккәи мукаррама ҳәм Мадинаи мунаўўарадай қалалар ҳәм ол жердеги муқаддес орынлар ҳүрмети, улыўма, Ислам динине ҳүрмет жатады. Усыдан келип шығып, ҳәр бир ҳажы өзиниң гәп-сөзи, ҳәрекети, халық арасындағы мәмилеси, мүнәсибети менен муқаддес Ислам динине ҳүрмет оятыўы яки оның атына дақ түсириўи де мүмкин екенин ҳеш қашан ядтан шығармаў лазым.

Жоқарыдағыларды итибарға алып, Өзбекстан мусылманлары басқармасы Ҳаж ҳаққында төмендеги Пәтўаны жәриялайды:

1. Ҳажға барыўды қәлеўшилерде ҳаждың парыз болыўы ушын ҳүр, балағатқа жеткен, ақылы бар, ден-саўлығы жақсы болыўы ҳәм де негизги мүтәжликлеринен ҳәм қайтып келгенше

хожалығын тәминлеўге қалдыратуғын напақадан тыс ҳажға барып келиўине жететуғын қаржыға қәдир болыўы, сондай-ақ жолдың тыныш ҳәм ашық болыўы киби зәрүр шәртлердиң бар екенине итибар қаратылсын. Бунда мешитлердеги имам-хатиблер мәҳәлле искерлери туўрыдан-туўры көмеклессин.

2. Тек ғана материаллық имканият емес, ал жүрис-турыс ҳәм мәмиледе басқаларға өрнек көрсеткен, мәнаўий жетик, Ислам дининиң әўелги төрт әрканын ислеп киятырған пуқалардың атын ҳажға барыўшылар дизимине киргизиўге итибар қаратылсын.

3. Ҳаж ибадаты өмир даўамында бир мәрте барыў парыз екенинен келип шығып, өткен жыллар даўамында ҳаж ибадатын қылыўға миясар болған пуқаралардың нәўбетин ҳажға бармағанларға бериў мақсетке муўапық.

4. Ҳажға барыўды қәлеўшилер санының көплигинен келип шығып, дизимде турғанлар жасы тәрепинен ҳәм мәҳәлле арасында ҳүрмет-итибарға көре бир-бирине мүриўбет етиўи мақсетке муўапық болады.

5. Ҳажға барыў ушын дизимге киргизилген мусылманлар ҳаж ибадаты туўрысында толық мағлыўматқа ийе болыўына итибар қаратылсын. Бул исте имам-хатиблер мөмин-мусылманларға әмелий жәрдем көрсетсин.

6. Ҳажға барыўды қәлеўшилер мәҳәлледеги мәнаўий-мәрипий ислерде искерлик көрсетиўи, жаслар тәрбиясында, олардың түрли жынаятларға қол урмаўында жанкүйер болыўы усынылады.

Өзбекстан мусылманлары басқармасы баслығы, муфтий

Усманхан Алимов